


# Fun Home Learning (Aprantisaj Amizan nan Kay)

HAITIAN CREOLE










Timoun ki pi Jèn: Laj 4-11 Ane  
Timoun ki pi Gran: Laj 12-20 Ane



Chwazi Aktivite Ou Renmen yo.

Kay ou se premye salklas pitit ou!

AKTIVITE	MATYÈ	MATERYÈL
<p><b>Planifikasyon Repa ak Fason pou Nou Kwit Manje Ansanm nan kay la, itilize mezirèt yo ak kantite yo</b></p> <p><b>Timoun ki pi Piti:</b> Sereyal sandwich, salad (manje senp). Ede mezire pran pwa repa yo mezire yo epi prepare yo.</p> <p><b>Timoun ki pi Gran:</b> Diri, pat Alimantè, legim ki kwit, vyann (manje ki pi konplèks); ede avèk planifikasyon repa, preparasyon bidjè ak preparasyon repa.</p>		<p>Istansil pou kwit manje yo</p> <p>Kiyè ak tas pou pran mezi yo</p>
<p><b>Rakonte istwa ki te pase depi lontan, souvni anfans ou</b></p> <p>Timoun ki pi Piti: Rakonte istwa senp</p> <p><b>Timoun ki pi Gran:</b> Rakonte plis istwa konsènan batay oswa triyonf fanmi an.</p>		<p>pale</p>
<p><b>Grandi yon jaden ansanm oswa senpleman plante yon ti kantite grenn semans nan yon tas oswa nan yon ti po</b></p> <p><b>Timoun ki pi Piti:</b> Konsève yon journal epi fè yon desen chanjman yo chak kèk jou.</p> <p><b>Timoun ki pi Gran:</b> Plante anpil nan menm grenn semans epi chanje yon kondisyon (tankou kantite dlo oswa limyè solèy), prevwa ki grenn ki pral grandi pi vit. Konsève yon journal chanjman yo chak kèk jou.</p>		<p>Grenn semans yo</p> <p>Sòl</p> <p>Kaye</p> <p>kreyon/Kreyon koulè</p>
<p><b>Pale konsènan moun nan kominote a ki bay èd (ponpye, ofisye lapolis, kiltivatè) epi sa djòb yo ye</b></p> <p><b>Timoun ki pi Piti:</b> Ekri yon remèsiman ou note oswa anrejistre yon mesaj pou yon manm kominote a pou èd yo.</p> <p><b>Timoun ki pi Gran:</b> Ekri yon lèt oswa anrejistre yon mesaj pou yon manm enpòtan kominote a epi poze kesyon sou djòb li yo tankou ki pati "Ki pati ki pi difisil nan djòb ou?"</p>		<p>Papye ak Kreyon</p>
<p><b>Restoran Jwèt</b></p> <p><b>Timoun ki pi Piti:</b> Fè yon meni atik ou pral kwit pou repa yo epi mande pitit ou pou adisyone kantite lajan li kapab depanse nan "restoran" an.</p> <p><b>Timoun ki pi Gran:</b> Mande pitit ou pou li fè tankou li se kuizinye oswa sèvè nan restoran an. Pran kòmman chak moun, ede fè repa a epi prepare yon resèt pou chak moun.</p>		<p>Papye ak Kreyon</p> <p>Oswa kalkilatris</p>
<p><b>Gade yon film ansanm epi diskite sou li</b></p> <p><b>Timoun ki pi Piti:</b> Pale konsènan sa pitit ou te pi renmen oswa sa li pa t renmen. Kreye yon fen diferan.</p> <p><b>Timoun ki pi Gran:</b> Sou papye, dekri kote a, pèsanaj yo, ak sa ki te pase nan film nan. Kreye yon fen tounèf. Fè tankou ou se youn nan pèsanaj yo.</p>		<p>Film yo</p> <p>Fason pou pale ansanm</p> <p>Kreyon ak papye</p>
<p><b>Egzamine Son yo</b></p> <p>Timoun ki pi Piti: Ranpli diferan vè avèk diferan kantite dlo. Tape chak vè dousman avèk dwèt ou pou tande fason son an chanje selon kantite dlo ki nan vè a.</p> <p><b>Timoun ki pi Gran:</b> Ranpli diferan vè avèk fiferan kantite dlo, tape vè yo dousman epi mete yo nan lòd depi sa ki wo pou rive nan sa ki ba. Wè si ou kapab konnen fason pou jwe yon chanson senp ou konnen tankou Happy Birthday.</p>		<p>Vè Dlo yo oswa Boutèy an Vè</p>

AKTIVITE	MATYÈ	MATERYÈL
<p><b>Jwe “Hide It and Find It”</b> (kache li epi jwenn li)Yon Moun chwazi yon atik tankou yon ti jwèt, epi kache li pandan tout lòt moun ap gade lòt kote.</p> <p><b>Timoun ki pi Piti:</b> Trase yon kat avèk imaj pou wè si ou kapab dirije tout moun nan yon atik.</p> <p><b>Timoun ki pi Gran:</b> Ekri enstriksyon yo pou atik la pou fanmi an swiv pou atik la.</p>		<p>Ti atik tankou yon jwèt</p> <p>Papye ak Kreyon</p>
<p><b>Planifye yon piknik, yon fèt, oswa yon vakans. Estime kantite lajan tout atik yo ta koute. Fè lis chak atik. Konsève resi pwovizyon yo ak resi acha yo pou fè kalkil yo epi pou kreye pwoblèm mo.</b></p> <p><b>Timoun ki pi Piti:</b> Estime kantite lajan tout atik yo ta koute. Epi fè adisyon an. Fè yon desen li, oswa itilize magazin oswa imaj journal.</p> <p><b>Timoun ki pi Gran:</b> Fè yon plan pou aktivite ou vle fè yo. Bay anpil detay pou ankouraje fanmi ou antre ladan. Kreye yon kalandriye evènman yo.</p>		<p>Papye ak Kreyon</p> <p>Imaj kote yo nan magazin yo oswa nan journal yo.</p>
<p><b>Rechèch Trezò Deyò</b> Fè yon lis bagay pou chèche deyò tankou yon flè jòn, yon fèy ak yon bouch ensandi.</p> <p><b>Timoun ki pi Piti:</b> Fè yon lis atik pou timoun yo jwenn.</p> <p><b>Timoun ki pi Gran:</b> Fè yon lis atik pou adilt oswa pi piti frè/sè yo jwenn.</p>		<p>Papye ak Kreyon</p>
<p><b>Pratike Meziraj yo</b></p> <p><b>Timoun ki pi Piti:</b> Itilize yon kiyè oswa kèk ti kiyè pou wè fason anpil kapab antre nan yon tas mezi oswa 1/2 tas oswa kèk lòt respityan...</p> <p><b>Timoun ki pi Gran:</b> Itilize yon adeviv mezi oswa lòt mwayen pou mezire espas yo nan sal yo pou mèb yo, tapi yo oswa kapèt yo; mezire lakou deyè a pou yon jaden.</p>		<p>Kiyè mezi yo</p> <p>Tas mezi yo</p>
<p><b>Kreye pwòp peyi ou</b></p> <p><b>Timoun ki pi Piti:</b> Avèk kisa li ta sanble? Ki kalite metewoloji li ta genyen? Kimoun ki ta responsab? Ki règ ki ta genyen? Fè yon desen peyi imajinè ou.</p> <p><b>Timoun ki pi Gran:</b> Kijan gouvènman an ta travay? Avèk kisa lekòl yo ta sanble? Ekri "konstitisyon" an pou peyi ou kreye a.</p>		<p>Papye ak Kreyon</p>
<p><b>Jwe jwèt sipozisyon an</b></p> <p><b>Timoun ki pi Piti:</b> Ranpli yon bokal oswa yon tas avèk kèk ti atik tankou boul koton, mab oswa bouton. Ekri kantite atik chak moun ki nan fanmi ou panse ki nan bokal la. Gade kimoun ki pi pre a!</p> <p><b>Timoun ki pi Gran:</b> Estime kantite fwa ou kapab di yon virelang oswa kantite mo ou kapab li nan yon minit.</p>		<p>Bokal oswa tas</p> <p>Ti atik tankou boul koton, Mab, bouton, oswa grenn pwa</p>
<p><b>Jwe “What Am I?” jwèt</b></p> <p><b>Tout Laj:</b> Sou yon otokolan, kat oswa kèk ti moso papye ekri oswa fè desen diferan zannimo. Melanje kat yo, mande tout moun pou yo chwazi yon kat san yo pa gade nan sa ki ekri nan kat la, epi kole kat la nan fwon yo. Bay patisipasyon ou pou poze lòt moun yo kesyon pou yo reponn wi oswa non konsènan zannimo mistè nan fwon yo tankou “Can I fly?” (èske mwen kapab vole? oswa “Do I have 4 legs?”(èske mwen gen 4 janm?)</p> <p><b>Timoun ki pi Gran:</b> Fè yon lis 20 zannimo diferan.</p>		<p>Otokolan oswa kèk ti moso papye</p> <p>Adeviv kreyon</p>
<p><b>Bati, Envante, Kreye</b></p> <p><b>Tout Laj:</b> Itilize atik ki kapab resikle nan kay la tankou , katon, plastik, papye pou bati yon estrikti, envante yon bagay oswa kreye yon aparèy itil.</p> <p><b>Timoun ki pi Gran:</b> Demonte yon kalkilatis, radyo oswa machin ki kraze, epi ekspeze pyès yo. Chèche konnen sa pyès yo ye ak pou kisa ou itilize yo.</p>		<p>Abandone materyèl yo</p>
<p><b>Pale konsènan Kilti Fanmi Ou oswa Kreye yon Mize Fanmi</b></p> <p><b>Tout Laj:</b> Kisa tradisyon fanmi ou ye? Pale konsènan mizik, lang, manje, rad, ak jou ferye ki soti nan kilti ou. Fè entèvyou avèk manm fanmi an pou chèche konnen plis enfòmasyon. Fè entèvyou avèk manm fanmi an pou chèche konnen plis enfòmasyon. Fè yon postè, fè yon desen, oswa ekri yon istwa ki rakonte kichòy sou kilti fanmi ou.</p>		<p>Pale, fè desen, kèlkeswa sa ou jwenn.</p>